# S.BAHADÍROVA DÓRETPELERINDE BATIR HAYAL-QÍZLAR OBRAZÍNÍŃ SÁWLELENIWI

**Zaripova Zulfiya Sarsenbaevna**

*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı, Nókis*

**Annotaciya:** Ushbu maqolada professor Sarigul Bahadirovaning ijodidagi xotin-qizlar obrazlari haqida so’z etiladi. Olimaning qalamiga mansub «Tag’dir» romani, «Tumaris» povesti va «Qaraqalpaq qanday xaliq» nomli ijodlarida xotin-qizlar obrazlari tahlil qilinadi. «Qirq qiz» eposining dunyoga tanilishidagi olimaning xissasi haqida so’z boradi.

**Tayanch so’zlar:** Olima, yozuvchi, ayollar, asarlar, epos

**Аннотация:** В данной статье освещены образы женщин в творчестве профессора Сарыгуль Бахадыровой. Анализируются образы женщин и девушек упомянутые в романе «Тағдир», повести «Тумарис» и «Қарақалпақ қандай халық» написанных учёным. Обсуждается вклад учёного в мировое признание эпоса «Қырық қыз».

**Ключевые слова:** Учёный, писатель, женщины, произведения, эпос

**Annotation:** This article highlights the images of women in the works of Professor Sarigul Bakhadirova. The images of women and girls mentioned in the novel “Tagdir”, the stories “Tumaris” and “Qaraqalpaq qanday xaliq” written by the scientist are analized. The scientist’s contribution to the world recognition of the epic “Qiriq qiz” is discussed.

**Key words:** Scientist, wtiter, women, works, epic

Qaraqalapaq xalqı ázelden hayal-qızların ardaqlaw menen birge olardıń jámiyettegi ornın joqarı bahalap kelgen. Sonlıqtanda, qaraqalpaq hayal-qızlarınıń ruwxı bekkem, sózge sheshen, gózzal, tereń aqıl iyesi bolıwı menen birge turmıstıń hár bir salasında belsendilik etip, ózleriniń massaget urpaqları ekenligin dálillep kelgen. Prezidentimiz “Hayal-qızları ardaqlanǵan el qudiretli boladı” [1. – 7 b], - dep keltirgenindey hayal-qızlarımızdıń jámiyettegi ornı búgingi kúnimizde de óz aldına. Xalqımız arasınan shıqqan turmıstıń hár qıylı tarawlarında belsendilik kórsetken hayal-qızlarımız elimizdiń maqtanıshı. Usınday xalqımız arasınan shıqqan qaraqalpaq qızınıń biri qaraqalpaq ádebiyatı hám qaraqalpaq folklorı tarawında salmaqlı orınǵa iye alım Sarıgúl apa Bahadırova bolıp tabıladı. S.Bahadırovanıń qaraqalpaq ádebiyatı hám qaraqalpaq folklorı iliminiń rawajlanıwına qosqan úlesi oǵada ullı. Alımnıń dóretpeleri búgingi kúnimizde bul tarawlardıń ilimiy qırların ashıwda úlken áhmiyetke iye. Miynetleri arasında qaraqalpaq hayal-qızlarına bergen bahası óz aldına bir ilim. Qaraqalpaq hayal-qızları áyyemgi dáwirlerden baslap erler menen bir sapta turıp óz jerlerin sırtqı basqınshılardan qaharmanlarsha qorǵaǵan. Sonlıqtanda,

qaraqalpaq xalqında hayal-qızlardıń erliklerin, jawıngerliklerin súwretleytuǵın iri epikalıq dóretpeler basqa túrkiy xalıqlarǵa salıstırǵanda basım salmaqqa iye. Máselen, tikkeley hayal-qızlardı bas qaharman sıpatında súwretleytuǵın “Qırıq qız”, “Qırmandáli”, “Qız palwan”, “Gúlnáhár”, “Qanshayım”, “Gúlistan” dástanları bar. Usılar menen bir qatarda bas qaharmanları er batırlardan ibarat qaharmanlıq dástanlarımızda hayal-qızlardıń batırlıq háreketlerin kóriwimizge boladı. Atap aytqanda “Máspatsha” dástanında Ayparsha obrazı, “Qoblan” dástanında Qurtqa obrazı, “Er Ziywar” dástanında Záwriya, Aqtamaq obrazları, “Jaskelen” dástanında Bólekey obrazların atap ótsek orınlı. Bul qızlar bas qaharmannıń súyikli yarı bolǵanı menen ayırım jaǵdaylarda kúsh-qudireti jaǵınan er batırlardan qalıspaydı.

Alımnıń qálemine tiyisli 1989-jılı jarıq kórgen «Táǵdir» romanınıń ekinshi kitabında sovet húkimetiniń dáslepki jıllarındaǵı hayal-qızlardıń ashınarlı turmısı sóz etiledi. Romanda ádil zamanǵa talpınıw jolında óz baxıtınan beziwge tayar xorlanǵan qızdıń obrazı súwretlengen. Onıń súygeni aydın turmıs jolına kesent keltiriwshi qáwipli baspashılardıń biri. Gúljamal onı súyse de biraq onıń is-háreketin qollamaydı. Balasın ertip jańa turmıs ushın oqıwǵa ketedi. Qızdıń táǵdiri oǵada ayanıshlı. Sebebi, ol haq bolǵanı menen paraxat turmısqa urınǵan neshshe jastıń ómirin qıyǵan baspashınıń perzentlerin dúnyaǵa keltirgen. Neshshe analardı perzentinen ayırǵan zalımnıń hayalı. Romanda awıllas bolǵan analardıń obrazı arqalı xalıqtıń aq kókirekligi, qıyın qıstaw jaǵdayda bir-birine qol jawısıwı, zárúr waqıtta eń sońǵı bir tislem nanın bólisiwge tayar qaraqalpaq xalqınıń eń jaqsı pazıyletleri súwretlengen. Jalǵızınan ayırılǵan ananıń balasınıń qandarınıń hayalına járdem beriwi, onıń perzentiniń biygúná ekenligin moyınlap nárestege jańa zamanǵa ılayıq at qoyıwı [Bahadırova S., 1989. – 9 b] jawızlıqtıń joq bolıp jaqsılıqtıń dúnyaǵa keliwi sıpatında kórinedi. Bas qaharman obrazı arqalı tek ǵana bir Gúljamaldıń táǵdiri emes, al pútkil qaraqalpaq qızlarınıń sovet húkimeti ornawınıń dáslepki jıllarında jámiyette óz ornına erisiw ushın gúresleri, perzentleriniń keleshegi ushın aydın turmısqa degen ıqlası sáwlelengen. Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń abadan turmıs ushın, ádillikke erisiw ushın basıp ótken qıyın turmısı avtor tárepinen sheberlik penen súwretlengen.

S.Bahadırovanıń 2018-jılı jarıq kórgen “Tumaris” povestinde massagetler dáwirinde el basqarǵan batır Tumaristiń qaharmanlıǵı súwretlengen. Hár bir dóretpeniń tiykarında tariyxıy haqıyqatlıq jatadı. Alımnıń bul miynetinde áyyemgi grek jazıwshısı Gerodottıń “Tariyx” kitabı arqalı bizge belgili bolǵan massagetler patshası batır Tumaristiń obrazı úlken sheberlik penen súwretlegen. Dóretpe massaget qáwimlik birlespeleriniń turmıs keshirmeleriniń eń elewli táreplerin sóz etetuǵın realistlik tariyxıy maǵlıwmatlardı óz mazmunına qamtıǵan bahalı dóretpeler qatarınan orın aladı. Povest Persiya patshası Kirdiń dúnyadaǵı eń ataqlı eldiń biri Vavilondı qıyratıp, onıń sońǵı patshası Baltasardıń gellesin alǵannan soń, skif dalasındaǵı dańqı shıǵıp atırǵan massagetlerge qaray jol alıwı menen baslanadı.

Sawdagerlerden bul xabardı esitken massagetler arasında dushpanǵa qarsı tayarlıq baslanıp ketken [Bahadırova S., 2017. – 3 b]. Tumaris eline kelgen basqınshılar menen qaharmanlarsha gúresedi. Dóretpede súwretlengen hayal-qızlardıń ana jerin sırtqı basqınshılardan batırlarsha qorǵawı, jolında ushırasqan qıyınshılıqlardı jeńip ótiwleri olardıń qaytpas qaysarlıǵınan, mártliginen derek beredi. Orta ásirlerde-aq batır ananıń qaharmanlıǵı dúnya júzi xalıqlarınıń qızıǵıwshılıǵın ózine tarttı. Ásirese, qaysarlıq penen dushpan ústinen jeńiske erisken waqtındaǵı aytqan sózlerin esitken adam tań qalmay ilajı joq. Batır ananıń bul kórinisi evropa xudojnikleri tárepinen XV- XVI ásirlerden baslap-aq sheber súwretlenip kelgen hám ásirden-ásirge, atadan-balaǵa ótip kiyatır. Orta ásirdegi Evropa xudojnigi Piter Paul Rubens (1566-1640) “Tumaris Kirdiń gellesiniń aldında” degen kartinasın jazdı. Orta ásirde jasaǵan Italyan xudojnigi Andrea del Kastano 1450-jılı “Tumaris patshayım” kartinasın jazdı. Italyan xudojnigi Mattio Prati “Tumaris patshayım” kartinaların dóretti [Bahadırova S., 2017. – 19 b]. Orta Aziyada jasawı xalıqlar sonıń ishinde qaraqalpaq xalqıda Tumaristi anamız dep esaplaydı. Tumaris óz eliniń patshası, el tınıshlıǵın qásterleytuǵın aqıllı, batır ana. “Tumaris” eposı zorlıq hám ádalatsızlıqtıń, basqınshılıq hám zulımlıqtıń ústinen jeńiske erisken batır ana obrazın jaratqan bolsa, sonnan saǵa alıp qaraqalpaq xalqı milliy dástanlarında bir neshe batır hám qaharman hayal-qızlar obrazların jarattı. Ȯzbek xalqınıń Ergash Jumanbulbul atqarǵan “Oysuluv” dástanı Tumaris eposınıń analogiyası bolıp tabıladı [Musina G., 1997. – 32 b].

S.Bahadırovanıń qaraqalpaq xalqi haqqinda usi xaliqtıń márt hayal-qızları haqqında keńirek maǵlıwmat beretuǵın qunlı miynetleriniń biri “Qaraqalpaq qanday xalıq” atlı miyneti bolıp tabıladı. Alım bul miynetinde qaraqalpaq xalqınıń bir zıyalı perzenti sıpatında xalqımızdıń minez-qulqı, úrp-ádeti, ázelden sózge sheberligi, ápiwayılıǵı, ańqıldaǵan aqkókirekligi, tábiyatı, eń baslısı tuwılǵan jerge, elge degen súyispenshiligin sheberlik penen súwretleydi. Usı kitaptıń «Sen áziyzseń, qaraqalpaq hayalı!» atlı bóliminde qaraqalpaq hayal-qızlarınıń áyyemnen bergi basqan mashaqatlı jolların, erliklerin, ǵaybarlıǵın, hár bir jaqsı pazıyletlerin hátte óz dáwirinde hayal-qızlardıń kiygen kók kóylegin maqtanısh etedi. Qaraqalpaq hayalların dúnyaǵa batırlardı keltiriwshiler, tirishiliktiń tiregi sıpatında bahalaydı. Haqıyqatında da áyyemgi dáwirlerden baslapata-babalarımız hayal-qızlardı álemdi jaratıwshılar, tirishiliktiń saǵasında turıwshılar sıpatında bahalaǵan. Ȯmir ushın eń zárúr qubılıslardı hayal-qızlarǵa teńegen. Hayal-qızlar haqqındaǵı dáslepki kosmogoniyalıq, totemlik, animistlik isenimlerge tiykarlanǵan túsiniklerdiń elesleri Quday analar, Uran analar, aspan álemin sáwlelendiriwshi analar sıpatında kórinedi. Professor S.Bahadırova massagetler eposındaǵı patsha hayallar Tumaris, Zarina, Sparetra, Odatidalar tuwralı sóz ete otırıp, olardı basqa barlıq batır hayal-qızlardıń túp deregi sıpatında bahalaydı. “Áyyemgi massagetlerdiń hayal patshaları, hayallardıń

urıwlarǵa uran bolıwı, el qorǵaǵan batır qızlar haqqındaǵı jırlar bizge “Qırıq qız” eposı bolıp jetisti, Qaraqalpaq xalqında “Qırıq qız” sıyaqlı epostıń syujetiniń jasawı, Sonday-aq “Máspatsha” dástanındaǵı Ayparshanıń, “Sháryar” dástanında Ánjimniń qolına qural alıp dushpanlar ımenen alısıwı usı áyyemgi dáwirdegi el basqarǵan, áskerbası bolǵan hayal-qızlardıń bizge jetip kelgen nusqaları» degen edi [Bahadırova S., 2017. – 23-37 b]. Alım bul miynetinde batır analar menen birge óz xalqına uran bolǵan Arıwxan hám Aqsholpan analardı úlken maqtanısh penen tilge aladı. Sebebi hayallardıń óz qáwimine uran bolıwı qaraqalpaq xalqınan basqa túrkiy xalıqlar arasında ushıraspaydı. Bul eki ananıń ruwlarǵa uran bolıwın áyyemgi grek, shumer-akad miflerindegi tábiyatta máńgi jasaytuǵın tirishiliktiń qudayı, shopanlardıń piri Tammuz haqqındaǵı mifler menen jaqınlıǵın atap ótedi. Alım jaqın tariyxımızda (XV-XVIII áá) el-xalqına basshılıq etken, atları dástan qaharmanlarına arzıytuǵın márt batır qızlarımız Ormanbetbiydiń qızı Sarısha ayım hám tatar xalqın basqarǵan ata-tegi boyınsha Edigeniń altınshı áwladı sanalǵan mańǵıt húkimdarınıń biri Yúsip mırzanıń qızı Súyinbiyke haqqında, ózleriniń keskir sózi, tereń aqıl oyı, ǵaybarlıǵı menen xalıqtıń júreginde qalǵan Jupar ana, Qumar analar haqqında, qız baqsı Húrliman hám Qánigúl, shayır qızlar Sápura hám Dáme haqqında jazar eken qaraqalpaq hayal-qızlarınıń hár qanday dáwirde dilwarlıǵın, xalqına ǵamxorlıǵın, el-xalqınıń abadan turmısta jasawı ushın jan kúydiretuǵın, el basqarıw uqıbı qan-qanına sińgen márt bolǵanlıǵın maqtanısh etedi.

Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń tuwılǵan elin, ar-namısın sırtqı dushpanlarınan qaharmanlarsha qorǵawın súwretleytuǵın dúnya júziniń altın xorınan orın alǵan mádeniy baylıǵımızdıń biri “Qırıq qız” dástanı bolıp tabıladı. Dástan tariyxıy derekler tiykarında payda bolǵan hám óz ishine bir neshe ásirdi qamtıǵan dóretpe bolıp, xalqımızdıń dóretiwshilik sheberliginen dárek beretuǵın bahalı miyraslarımızdıń biri. “Qırıq qız” dástanında ushırasatuǵın jer atamalarınıń Qaraqalpaqstan aymaǵında ushırasıwı, dóretpe qaraqalpaq xalqınıń tariyxı menen tıǵız baylanıslı ekenliginen derek beredi. Tariyxshı hám etnograf alımlarımız dástandı Kerder mádeniyatı menen baylanıstıradı. Bul dáwirlerd hayal-qızlar ózleriniń gózzallıǵı, sózge sheshenligi menen belgili bolıp qoymastan, sırtqı dushpanlardıń topılısı waqıtında erler menen bir qatarda turıp qollarına qural alıp basqınshılarǵa qarsı gúresken. At ústinde jawǵa qarsı urıs hámellerinen jaqsı paydalanǵan. Kerder mádeniyatın izertlew dáwirinde alımlar tárepinen keramikalıq tulǵalarda, aksessuarlıq sandıqlarda hayal-qızlardıń ómiri, gózzallıǵı, jawıngerligi kórinis tapqan tabılmalar tabılǵan. Gúlayım batır dep tabılǵan qara keramikalıq badiya tabaqta jawınger qızdıń obrazı sheberlik penen súwretlengen. Bul dástan boyınsha S.P.Tolstov, P.Ivanov, L.Klimovich, T.A.Jdanko, N.Dáwqaraev, Q.Maqsetovlar izertlew jumısın alıp barǵan. Alımlardıń pikirinshe dástannıń eń dáslepki jırlawshısı Jiyen Taǵay ulı dep tabılıp onnan sońǵı dáwirde Shańkot, Qabıl, Qazaqbay, Jiyemurat, Ábdirasúl [6. 27 b] jırawlar repertuarınan orın

alǵan. Solayda, bul dástannın Qurbanbay jıraw hám Qıyas jıraw variantı jazıp alınǵan. Bul dástan boyınsha eń birnshi márte 1946-1947 jılları izertlew jumısın júrgizgen alım N.Japaqov bolıp tabıladı. 1957-jılı N.Japaqov “Qırıq qız” kinoscenariyin jazdı. 1962-jılı Q.Maqsetov “Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanı “Qırıq qız” temasında kandidatlıq jumısın jaqlap shıqtı. 1965-jılı Á.Shamuratov, I.Yusupovlar tárepinen “Qırıq qız” dástanı saxnalastırıldı. I.Qurbanbaev 1985-jılı jarıq kórgen “Miskin waqıyaları” atlı povestler, gúrrińler, ocherkler toplamında “Qırıq qız” dástanı tiykarinda kinopovestin xaliqqa inam etti. N.Muxammetdinov hám G.Matyaqubovalar tárepinen “Gúlayım” operası qoyıldı. K.Allambergenov “Qırıq qız” atli liberotasın jazdı ham bul saxnalıq kórinis 2021-jılı noyabr ayında xalıqqa usınıldı. Mine usı dástannıń dúnya júzine jáne bir márte tanılıwında professor S.Bahadırovanıń úlesi oǵada ullı. Alımnıń basshılıǵında 1997-jılı “Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanı “Qırıq qız” hám túrkiy tilles xalıqlardıń folklorın izertlew máseleleri” atamasında bolıp ótken xalıqaralıq ilimiy konferenciyanıń ótkeriliwi halqımız ushın úlken áhmiyetke iye boldı. Konferenciyaǵa Túrkiya, Ázerbayjan, Kipr, Qırǵızıstan, Qazaqstan, Ózbekstannıń belgili alımlarınıń keliwi hám de BMSh tıń Ózbekstandaǵı wákiliniń sol waqıttaǵı baslıǵı X.Maliktiń shıǵıp sóylewi bul dástannıń dúnya júzi mádeniyatındaǵı ornınıń ullılıǵın jáne bir márte dálilledi. Kelgen alımlar óz ellerine barǵanınan soń dástandı óz tillerine awdarmalap xalqına usınıwları, bul dástan boyınsha maqalalar jazıwı bolıp ótken konferenciyanıń úlken tariyxıy áhmiyetke iye ekenliginen dárek beredi. Bolıp ótken ilimiy konferenciya nátiyjesi “Qırıq qız” dástanınıń qaraqalpaq xalqınıń enshisindegi ruwxıy hám mádeniy baylıǵı ekenligin dúnya júzine jáne bir márte tanıttı hám maqullatı.

Solay etip S.Bahadırova miynetlerinde hayal-qızlar teması belgili dárejede orınǵa iye. Massagetler dáwirinen miyras qalǵan qaharmanlıq eposlardıń syujetlerindegi watan qorǵaw teması, qaraqalpaq milliy dástanlarımızdıń syujetleriniń payda bolıwına belgili dárejede tásir jasadı. Olardaǵı qaharmanlardıń, ásirese batır hayal-qızlardıń watanǵa sadıqlıq, insanpárwarlıq pazıyletlerin ulıǵlaytuǵın obrazlarǵa bay epikalıq dóretpelerimiz ótmishimizdiń ajıralmas bir bólegi sanaladı. Alım qaraqalpaq hayal-qızlar obrazına ilimiy jaqtan baha beriw menen birge olardıń aqıl-parasatlılıǵına, gózzallıǵına, qaharmanlıqlarına, el súyiwshilik pazıyletine, el basqarıw uqıbına bir qaraqalpaqtıń zıyalı perzenti sıpatında joqarı baha beredi. Alımnıń hayal-qızlar temasında jazǵan dóretpeleri, ilimiy jumısları keleshekte qaraqalpaq hayal-qızlarınıń erliklerin tereńirek úyreniwde bahalı maǵlıwmatlar bolıp esaplanadı.

“Qaraqalpaq hayalı ózimizdiń batırlıǵımızdı Tumaristen, sulıwlıǵımızdı Zarinadan, qaysarlıǵımızdı Sparetradan, muxabbatqa sadıqlıǵımızdı Odatidadan násil etip alǵanbız, sonıń ushın sen áziyzseń, qaraqalp aqhayalı!” [Bahadırova S., 2017. – 31 b].

**ÁDEBIYATLAR:**

1. Ўзбекистоннинг маърифатпарвар аёллари. 1-жилд. – Тошкент, 2021.
2. Баҳадырова С. Тәғдир. Роман. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.
3. Баҳадырова С. Тумарис. Повесть. – Ташкент: Навруз баспасы, 2017.
4. Мусина Ғ. Туроннинг алп қизлари. – Тошкент: Ёзувчи нашриёти, 1997.
5. Камалов Қ. «Қырыққыз» дәстанында мифлик ҳәм реалистлик элементлер // Қарақалпақ халық дәстаны «Қырық қыз» ҳәм түркий тиллес халықлардың фольклорын изертлеў мәселелери» атамасындағы халықаралық илимий-теориялық конференцияның тезислери. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1997.
6. Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халық. – Ташкент: Навруз баспасы, 2017.